

Pawòl Koyeditè yo

Suzy Castor

et Michel Max Raynaud

Nouvo nimewo «*Haïti Perspectives*» sa a pote bay lektè yo refleksyon *Comité d'union et de support aux municipalités* (CUSM) a, oganizasyon sosyete sivil la ki antre nan ventyèm ane depi li egziste epi ki toujou defini tèt li tankou yon espas dialòg ak echanj sou kesyon ki nan enterè tout moun an jeneral. Nimewo sa a ki chita sou pwoblèm patisipasyon angaje, apati analiz divès kalite esperyans otè yo prezante nou yo ankouraje nou reflechi anpil sou gwo defi ak gwo posiblite ki genyen nan konstriksyon nasyon an ak demokrasi a pou nou mete kanpe nan peyi a.

Reyèlman vre, lide oubyen konsèp patisipasyon an, ki makònen kò li ak konsèp demokrasi a, sipoze genyen kolaborasyon tout bon vre sitwayen yo nan desizyon ki ap pran ansanm ak patisipasyon yo nan ekzèsis pouvwa a, tank pa filyè deba politik yo (eleksyon, konsiltasyon, konsètasyon) tank pa filyè òganizasyon sosyete sivil la ki fè wè lakrentif sitwayen aktè yo genyen epi yo fè wè tou rechèch ki pou amelyore kondisyon lavi yo. Nan koumansman XXI^{èm} syèk sa a, nou ta dwe mete adopsyon patisipasyon sitwayen an nan mitan tout aksyon politik kote desizyon yo ap pran. Paske yo gen objektif sitwayènte aktif, divès kalite atik ki prezante yo fè pwomosyon dwa pou moun genyen enfòmasyon, dwa patisipasyon an se pou tout moun epi se devwa tout moun pou yo patisipe nan viv ansanm nan (lavi kolektif la). Konsepsyon sa a vle di demokrasi a se vrèman yon konstriksyon kolektif ki la pou transfòmè sosyete a nan pote li ap pote vini yon posiblite pwogrè pou tout manm li yo. Nan fè yo patisipe nan konstriksyon sa a, sa bay demokrasi a yon oryantasyon. Sa rann li dyanm.

Poutan, ann Ayiti, yo pa rekonèt pi fò sitwayen yo ni yo pa trete yo tankou moun tout bon vre. Pa konsekan, rechèch sitwayennte a pou tout moun mande gwo batay. Patipasyon sitwayen pa kapab fèt san pa genyen yon aprantisaj chak jou Bondye mete ki debouche sou yon fòmasyon nan egzèsis sitwayènte a. Yon chanjman ki dwe fèt tou nan pèsepsyon sitwayènte a nan fè patisipan an tounen aktè, nan favorize yo pran lapawòl epi nan favorize lespri kolektif la. Vrè patisipasyon an lanse konsa

tankou yon fòm rekonesans epi li fè parèt yon konsyans responsablite yo pataje a ki pi laj. Nan lide sa a, yo kapab konsidere etid nou prezante yo tankou yon repons nou bay pou renouvèlman rechèch sitwayènte a. Objektif la se louvri espas piblik yo otank posib pou entèkansyon vrè sitwayen yo.

Pi fò nan aksyon ki prezante yo chita nan kontèks amenajman pou lavi. Nan siyale nou ap siyale diferans nan òganizasyon demach ak metòd nan patisipasyon ant kominote riral yo ak tètita lavi yo, divès ka ki prezante yo soti lavi oubyen menm nan kapital la. Aktik **Cécile Marotte**, **Anne Laurence Verret**, **David Teley** ak pa **Evens Emmanuel** la chita sou reyalyasyon Pak Matisan (Parc Martissant) ak bidonvil Kanayan (Canaan) an. Atik pa **Jeanine Millet** a konsidere pwoblèm mache machann yo fè nan lari yo ansanm ak òganizasyon lari Pétiyon-Ville yo. **Flores Paola** ak **Jarrot Silvere** nan ColectivoCrea analize esperyans Pòtoprens (Port-au-Prince) apre tranblemanntè 2010 la. Metòd sa yo enpòtan, paske fenomèn «bidonvil ki ap layite kò yo» ann Ayiti a pran vitès depi nan ane 90 yo. Li vin ogmante pi plis avèk multiplikasyon anpil branch ki pouse patou epi sa bay anpil pwoblèm. Tèritwa enfòmèl sa yo reprezante pi gwo fòm inegalite nan vil nou yo epi yo ap evolye tankou espas kote yon pakèt moun lage de bra pandye ap viv san okenn pwoteksyon pou dwa yo. Katye pòv sa yo (ki rele souvan geto yo) antoure vil yo, yo fè presyon epi yo kreye yon enpak sou amenajman tèritwa a. Okenn pwojè devlopman, okenn politik lavi pa kapab reyalye san yo pa konsidere sa, sitou nou kapab sèlman konstate yon defisi, pou nou pa di yon absans politik piblik ki oryante sou solisyon pwoblèm sosyoekonomik ak kiltirèl ki ap devlope ladan.

Atik pa **Raymond Noël** la poze pwoblèm patisipasyon an – ki tètman gen tèt chaje ann Haïti-nou vle pale de kontèks desantralizasyon an ki baze sou kolektivite tèritwa yo. Bagay sa a fè fas kare ak egzèsis fondal natal pou nou fè antre pi gwo mas sitwayen yo nan jesyon zafè nasyon an ansanm ak obligasyon pou nou founi popilasyon an pi bon sèvis nan mete an plas yon administrasyon ki pi pre popilasyon an (pwoksimate).

Sepandan, anpil faktè nan sistèm politik ak administrasyon met sou faktè sosyoyekonomik la, vin tounen, san nou pa doute, yon bann kalite fren pou bloke mizanplas desantralizasyon an epitou sa bloke yon patisipasyon sitwayen aktè.

Aprè sa, fòk nou siyale nan yon atitud pozitif, otè yo pa manke pale de « esperyans » moun yo, de ekspètiz yo genyen nan milye yo a ansanm ak devouman yo pou yo adapte yo ak chanjman yo. Konsiderasyon sa a mande anpil refleksyon sou gwo posiblite transfòmasyon sosyal, kapasite kreyasyon an ansanm ak kalite pwopozisyon fòm lavi tou nèf an sosyete, mobilizasyon nan popilasyon sa yo « yo mete sou kote yo » ban nou, nan yon peyi kote inegalite yo vin ensipòtab. Nan planifikasyon, nan

jesyon ak nan dirablite tout pwojè, yo mete wòl aktè aktif yo ak responsab yo an valè. Nan rechèch lòt posiblite, esperyans sa yo ki antre nan pwosesis nasyonal la mande nou yon fason oubyen yon lòt, patisipasyon moun yo nan mete sou pye politik lavil yo, nan pran desizyon epi mete sou pye kèk chwa.

Devan gwo nesosite jodi a solisyon gwo pwoblèm grav peyi a ak gwo travay konstriksyon nasyonal la poze, chak pa, chak refleksyon reprezante yon rapò ak yon avanse nan rechèch sa a. Atik sa yo envite tout moun ki enterese nan avni peyi a pou yo repanse patipasyon sitwayen an nan yon aprantisaj endividyèl ak yon aprantisaj tèt ansanm pou konstriksyon yon Ayiti tout nèf. ■

Suzie Castor, Ph. D. détient un doctorat en Histoire de l'Université Nationale Autonome du Mexique (UNAM). Elle est professeure et chercheuse retraitée de l'UNAM et actuellement directrice du Centre de Recherche et de Formation Economique et Sociale pour le Développement (CRESFED) Haïti. Elle a à son actif plusieurs publications sur Haïti, la Caraïbe et l'Amérique Latine. sucastor@gmail.com

Michel Max Raynaud, Ph.D. est architecte D.P.L.G. (France) et urbaniste D.I.U.A.P. (France), et professeur agrégé à École d'urbanisme et d'architecture de paysage (montage et gestion de projets), Faculté de l'aménagement, Université de Montréal. Il est Directeur de l'Observatoire Ivanhoé Cambridge du développement urbain et immobilier. Il a fondé et dirige avec ONU Habitat le Programme RESAUD (Réseau d'Échanges Stratégiques pour une Afrique Urbaine Durable) pour la mise en œuvre de l'Agenda 2030 des ODD et du Nouvel Agenda Urbain 2036. michel.max.raynaud@umontreal.ca



JobPaw . C O M

Connecter professionnels, entreprises et universités
